

# Pou pran yon vaksen COVID-19



COVID-19 se yon viris ki te fè anpil moun malad anpil. Gen kèk moun ki te mouri.



Koulye a, gen yon vaksen. Vaksen an se nan yon piki li ye.



Piki vaksen an mete medikaman nan kò mwen pou anpeche mwen trape COVID-19.



Lè se tou pa mwen, mwen ka resevwa piki COVID-19 la pou rete an sante.



Mwen pral ale nan biwo yon doktè oswa famasi pou resevwa piki mwen.



Mwen pral enskri lè mwen rive, chita, epi tann pou enfimyè a rele non mwen.



Mwen pral touse manch rad mwen. Enfimyè a pral fwote yon wayps frèt sou bra mwen. Li ka gen yon sant dwòl.



Après enfimyè a a ban mwen piki ki gen vaksen an. M pral santi tankou se yon moun ki zongle oswa pike mwen. Mwen pral chita trankil.



Enfimyè a pral mete yon pansman sou bra mwen.

# Pou pran yon vaksen COVID-19

## Pati 2



Mwen ka bezwen rete tann pou mwen asire mwen an sekirite ak an sante pou mwen ale lakay mwen.



Après enfimyè a di m mwen mèt ale, mwen fini pou jounen an. Koulye a, mwen ka ale lakay mwen.



Mwen bezwen 2 vaksen COVID-19 pou mwen rete an sante.



Mwen pral tounen nan 3 a 4 semèn pou resevwa dezyèm piki a.



Lè m tounen, mwen pral pase menm etap sa yo pou jwenn dezyèm piki m yo.



Aprè vaksen yo, bra mwen ka fè mal. Mwen ka gen yon tèt fè mal oswa mwen santi mwen fatige.



Mwen pral santi mwen byen apre detwa jou.



Mwen pral toujou bezwen mete yon mask pou yon ti tan.



Mwen te fè pati pa mwen pou rete an sekirite epi kenbe lòt moun an sante!